

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Héngkéerna kamampuh siswa dina nulis biografi alatan siswa diperedih pikeun ngébréhkeun naon anu aya dina pikiranana kana wangun tulisan jadi salah sahiji pasualan dina prosés diajar ngajar basa Sunda di jero kelas. Média pangajaran bisa jadi salah sahiji bongbolongan pikeun ngungkulan éta pasualan, sabab média bisa ngahudang karep siswa sangkan daék diajar. Média film bingkai anu ngalibetkeun unsur audio (narasi) jeung visual (gambar) sacara babarengan dina prosés diajar bisa ngadatangkeun motivasi siswa pikeun diajar.

Film bingkai ngaronjatkeun pangajaran nulis biografi. Ieu hal bisa katitén tina: siswa leuwih sumanget diajar; jeung ngaronjatna kamampuh siswa dina nulis biografi. Kamampuh nulis biografi siswa kelas X Saintek 4 SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013/2014 sanggeus ngagunakeun média film bingkai téh ngaronjat. Ieu hal bisa katitén tina hasil tés awal jeung tés ahir siswa. Saméméh ngagunakeun média film bingkai dina pangajaran nulis biografi. Aya 27 urang atawa 93,10% siswa anu meunang peunteun  $\leq 75$  kalawan katégori can tuntas jeung 2 urang atawa 6,89% siswa anu meunang peunteun  $\geq 75$  kalawan katégori tuntas. Sanggeus ngagunakeun média film bingkai dina pangajaran nulis biografi. Aya 26 urang atawa 89,65% siswa anu meunang peunteun  $\geq 75$  kalawan katégori tuntas jeung 3 urang atawa 10,34% siswa anu meunang peunteun  $\leq 75$  kalawan katégori can tuntas. Aya béda nu signifikan tina hasil rata-rata tés awal jeung tés ahir kamampuh nulis biografi siswa kelas X Saintek 4 SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média film bingkai. Hasil rata-rata tés awal nya éta 61,70% ngaronjat jadi 81,34% tina hasil tés ahir, anu ngahasilkeun rata-rata gain 20,17%.

Tina uji hipotésis anu ngahasilkeun  $t_{itung}$  10,61 jeung  $t_{tabel}$  2,763 nya éta  $t_{itung} > t_{tabel}$ , nu hartina hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak, nya

Vinie Novianita, 2014

*Média Film Bingkai Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

éta aya béda nu signifikan antara hasil tés awal jeung hasil tés ahir nulis biografi siswa kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI Bandung Taun Ajaran 2013/2014 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média film bingkai.

Dumasar hasil panalungtikan bisa dicindekeun yén média film bingkai bisa ngaronjatkeun pangajaran nulis biografi siswa kelas X Saintek 4 SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013/2014.

## 5.2 Rékoméndasi

Sanggeus ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan média film bingkai dina pangajaran nulis biografi ka siswa kelas X Saintek 4 SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013/2014. Aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun, di antarana:

- a. Pikeun guru, dipiharep bisa ngamangpaatkeun média film bingkai anu kabukti éféktif ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis biografi.
- b. Pikeun guru, dipiharep ngagunakeun média pangajaran séjén pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi siswa di SMA.
- c. Pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep ngalakukeun panalungtikan ngeunaan média film bingkai ngagunakeun métode panalungtikan ékspérimén murni, pikeun leuwih ngabuktikeun kaéféktifan ieu média;
- d. Pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep ngalakukeun panalungtikan ngeunaan média film bingkai dina pangajaran séjén, pikeun leuwih ngabuktikeun kaéféktifan ieu média.